ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ҚАНЛЫКӨЛ РАЙОНЫ ҲӘКИМИ
Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ҚОНЛИКЎЛ ТУМАНИ ҲОКИМИ
Қ А Р О Р И

Қанлыкөл посёлкасы **Қонликўл шаҳарчаси**

№ 91/1 «12» январь 2018-жыл

Қанлыкөл районында 2018-жыл даўамында жумыс пенен бәнт болмаған пуқараларды жумысқа жайластырыў, кәсипке таярлаў, ис ҳақы төленетуғын жәмийетлик жумысларға жибериў бағдарламасын әмелге асырыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының 1998-жыл 1-майдағы «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5-6-сон, 97-модда)ның 17, 22, 23-статьялары, Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 24-май күнги «Халықтың кем тәмийинленген қатламларын қоллап-қуўатлаўға байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы қарары, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-октябрь күнги 799-санлы қарарының 3-қосымшасы менен тастыйықланған «Ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларды шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Режесине муўапық, Қарақалпақстан Республикасының «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 5-статьясына тийкарланып, жумыссыз шахсларды жәмийетлик жумысларға кең тартыў ис-илажларын әмелге асырыў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Районда 2018-жыл даўамында:

а) белгиленген тәртипте жумыссыз деп табылған пуқараларды ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларды жайластырыў ҳәм кәсипке таярлаў режеси 1-қосымшаға муўапық;

б) жумыс излеўши сыпатында дизимге алынған пуқаралар үшин ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумыслар шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар дизими 2-қосымшаға муўапық;

в) кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў режеси 3-қосымшаға муўапық;

г) пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў бойынша районлық исши топар курамы 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Төмендегилер:

а) бюджет мәкемелери ҳәм өзин өзи басқарыў уйымлары тәрепинен ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 100 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийинлеў жумыс пенен тәмийинлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы;

Басқа кәрхана, исбилерменлик субъектлери ҳәм фермер хожалықларына ҳақ төленетуғын жәмийетлик жумысларға жиберилген жумыссыз ҳәм бәнт емес пуқаралардың ис-ҳақысының 50 пайызы муғдарын қаржы менен тәмийинлеў, жумыс

пенен тәмийинлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы белгиленсин.

б) кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириўге сарыпланатуғын қаржылар жумыс пенен тәмийинлеўге көмеклесиўши мәмлекетлик қоры есабынан әмелге асырылыўы есапқа алынсын.

3. Исши топар ағзалары:

пуқараларды жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў, жәмийетлик жумысларды шөлкемлестиретуғын мәкеме ҳәм кәрханалар тәрепинен жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын, жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәмде мийнет шараятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

4. Районлық исши топар (А.Абдразаков) ҳәм районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (Ж.Қайпназаров) усы шешимниң тийисли кәрхана, мәкемелер ҳәм шөлкем басшыларына жеткерилиўин тәмийинлесин.

5. Қанлыкөл районы ҳәкиминиң 2016-жыл 27-октябрь күнги «Қанлыкөл районында 2017-жылда жумыс менен бәнт болмаған пуқараларды жумысқа орналастырыў, жәмийетлик жумысларға қатнастырыў, кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў ҳаққында»ғы 951/10-санлы шешими («Қанлыкөл хабарлары» газетасы, 2016-жыл 31-октябрь 20-сан (4842)) 2018-жыл 4-январьдан өз күшин жойытқан деп есаплансын.

6. Усы шешим «Қанлыкөл хабарлары» газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары А.Абдразаков ҳәм районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры Ж.Қайпназаровларға жүкленсин.

8. Усы шешим рәсмий баспада жәрияланған күннен күшке киреди.

Ҳәким **М.Қосназаров**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI QANLIKOL RAYONI XA'KIMI QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI QONLIKUL TUMANI XOKIMI Kantselyariya

KOSHIRME DURIS